

Monoksid Kabòn

Monoksid Kabòn *envizib!* Se yon gaz ki pa gen koulè, ni odè, ni gou epi se lwil òganik ki boule ki pwodwi li.

Sous:

- Aparèy menaje ak ekipman ki mache ak gaz, lwil, chabon, kewozin oswa bwa.
- Egzanp yo se aparèy chofaj, aparèy pou chofe dlo, radyatè pou chofe kay, machin, gri ki mache ak chabon, fanal, sechwa pou rad, fou, chemine, aparèy pou koupe zèb, aparèy pou netwaye nèj, eksetera

Kòz:

- Aparèy oswa ekipman ki pa fonksyonen byen
- Pyès ki abime oswa ki pa fonksyonen byen
- Vantilasyon ki pa byen fèt

Sentòm:

- Premye sentòm yo sanble ak sentòm flou – maltèt, kèplen, panse w yo pa twò klè, souf ou kout, feblès, pèdi kontwòl mis ou yo.
- Sentòm grav yo se kriz, pèdi konnesans, ak posiblite pou lanmò

Prevansyon:

- Enstale yon aparèy pou detekte monoksid kabòn.
- Netwaye epe fè enspeksyon aparèy ki mache ak lwil yo. Rele yon pwofesyonèl!
- Tcheke pou wè si vantilasyon an mache byen.

Si w sispèk ou anpwazonen ak monoksid kabòn:

- Kite kay la touswit!
- Rele 911 oswa Connecticut Poison Control Center [Biwo pou Kontwòl Pwazon nan Konektikèt] (1-800-222-1222).
- Rele depatman ponpye pou yo ka fè tès pou monoksid kabòn.

-
- 24 èdtan pa jou
 - Gratis epi konfidansyèl
 - Se espè nan pwazon ki travay nan pèsònèl la
 - Gen entèprèt nan tout lang Interpreters
 - Nimewo telefòn TDD pou moun ki soud oswa ki tande di yo se 1-866-218-5372

